



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN RE-OUVÈTI ISTORIK SALDEBEN PIBLIK ROOSEVELT II NAN PARK STATE SPA SARATOGA

Fèmen Depi ane 1980 yo, sal akèy nan Saldeben Piblik Roosevelt II a ouvri kounye a epi etablisman pral konplètman re-ouvri alavni dapre direktiv COVID-19 yo

Foto yo disponib [isit la](#)

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gran re-ouvèti istorik Saldeben Piblik Roosevelt II (Roosevelt II Bathhouse) a nan Saratoga Spa State Park. Li te premye louvri nan ane 1935 pa ansyen gouvènè New York ak Prezidan Franklin D. Roosevelt, saldeben piblik estil Renesans Georgian an ki se yon anblèm te fèmen depi lè yo pa te itilize li nan ane 1980 yo. Re-ouvèti saldeben piblik la se yon pati nan yon pwojè transfòmasyon ki evalye a 2.3 milyon dola ki ap restore ak amelyore grandè Saldeben Roosevelt la.

"Saldeben Piblik Roosevelt II a se yon pyès vivan nan istwa New York ki yon fwa te pwove eksperyans liksye kotidyen Nouyòkè yo, epi nan respire yon nouvo lavi nan etablisman, vizitè yo pral yon lòt fwa ankò jwi lapè ak bote nan sous natirèl Saratoga yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pak New York yo se yon trezò nasyonal epi nou pral kontinye travay di nou nan tout eta a pa sèlman pou kenbe yo, men fè yo pi bon pase anvan ak vrè destinasyon ke ou pa dwe rate."

Anba inisyativ NY Parks 2020 an, yo ap restore sal akèy istorik saldeben piblik la, yo enstale nouvo twalèt, yo te ajoute nouvo sistèm chofaj, vantilasyon ak plonbri, yo te retire amyant toksik, epi yo te ajoute espas pwogramasyon pou yon sant atistik ak byennèt planifye.

Plan alavni yo enkli itilizasyon yon pòsyon nan etablisman 18,000 pye kare pa gwoup COESA ki se yon gwoup san bi likratif, ki pral sèvi ak 2,700 pye kare pou ofri eksperyans retrèt ak kou sou byennèt pèsònèl, lidèchip, meditasyon, fòmasyon byennèt pwofesyonèl, ak ekilib ant travay ak vi prive. Etablisman an pral ouvri yon fwa ke règleman eta a ki vize pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la pral pèmèt sa a.

"Saldeben piblik sa a pral retounen nan objektif orijinal li - rejwisans, byennèt ak detant pou sila yo ki vizite yo", **Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare.** "Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li rann enstalasyon istorik sa a tounen gen lavi."

Se Wired Coffee ki baze nan Konte Saratoga ki pral opere nouvo kafe a, ki kounye a opere kafe nan Malta ak nan vil Albany an.

Wendy Page, Direktè Egzekitif COESA te deklare, "Kòm yon sant byennèt ak lidèchip inovan, COESA konsyan ouvri pòt nou yo lè pa gen danje pou fè sa. Pandan pandemi an, nou te mobilize byen vit pou kreye yon seri videyo, Rising Together (Ann Leve Ansanm), k'ap kolabore avèk pratisyen lokal, nasyonal ak entènasyonal pou ede kominote nou an nan moman ensèten sa a. COESA pral kontinye momenntòm lan nan seri videyo nou an ak òf sou entènèt ki sible epi kolaborasyon nou ak SPAC nan kou an deyò pliske n'ap travay nan direksyon ouvèti ofisyèl nou."

Etablisman COESA a sitiye anfas Saldeben Roosevelt yo ak Spa, e se yon pati nan Kanpis Roosevelt la, ki gen ladan biwo administratif Pak yo ak Spa Little Theater, ansanm ak de etablisman piblik pou benyen ki gen dlo mineral ki reflete imaj, ak manyifik Hall of Springs lan.

Aprè Prezidan Roosevelt te dedye saldeben yo, ki te yon defansè nan beny minrè kiratif, etablisman an te ofri beny jis nan debi 1943, lè li te konvèti an yon lopital militè pou veteran andikape yo. Aprè konstriksyon lopital Administrasyon Veteran yo nan Albany, etablisman an te itilize pa Sate Eta Paks (Pak Eta yo) tankou espas biwo, yon boutik restorasyon ak depo jiskaske batiman an te fèmen nan fen ane 1980 yo.

Gen 12,000 pye ki rete nan saldeben yo renove a pou yo redevlope nan tan kap vini an. An 2019, Sant Atistik pou Spektak nan Saragota (Saratoga Performing Arts Center, SPAC) te resevwa 2 milyon dola nan finansman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) pou ofri nouvo opòtinite konsiderab pou itilizasyon piblik espas la.

Renovasyon k'ap vini sa a swiv anons Gouvènè Cuomo nan pwojè amelyorasyon sèvis vizitè ki evalye a 9.5 milyon dola nan SPAC, ki ta dwe acheve an 2020 an. Pwojè sa yo swiv renovasyon 2019 nan ranp anfiteyat yo, ki te posib gras ak yon alokasyon 1.75 milyon dola ki soti nan Pak Eta New York yo.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo Nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Achitekti a ak istwa inik batiman sa a, makonnen ak anviwònman li yo nan pitorèsk Eta Park Saratoga Spa a, ki te fè li yon kandida ideyal pou renovasyon ak re-itilizasyon adaptif - epi, lè li konplètman re-ouvri, yon lòt fwa ankò l'ap yon kote pou vizitè yo detann epi eksplòre",

Senatè Daphne Jordan te deklare, "Ouvèti Saldeben Piblik Roosevelt II a se yon gwo jou pou Saratoga ak Eta New York. Pwojè sa reprezante reyalizasyon plen siksè planifikasyon ki fèt ak swen, kolaborasyon kominotè, ak envestisman finansye enpòtan

eta soutni ki pral asire Pak Eta Saratoga Spa rete yon vre trezò nan Sistèm Pak Eta nou an. Patenarya inovan pwojè sa a ak COESA pral bay plis opòtinite pou sante, byennèt, ak pwogram relaksasyon, ki enpòtan anpil. Etablisman sa a gen yon istwa venerab epi kantite amelyorasyon etablisman yo gen ladan restorasyon sal akèy istorik la, enstalasyon nouvo twalèt, ak ogmantasyon nouvo chofaj, plonbri, ak vantilasyon, pral asire ke nou prezève yon pase enkwayab pou jwisans pwochen jenerasyon yo. Mwen fyè pou mwen patisipe nan inogirasyon istorik sa a epi mwen vle remèsye Komisè Pak Eta yo Kulleseid ak Gouvènè Cuomo pou angajman yo ki byen mennen pwojè sa a nan reyalizasyon li pou amelyorasyon kominote Saratoga nou an."

Manm Asanble Carrie Woerner te di, "Kòm yon defansè fò nan prezèvasyon istorik, mwen kontan anpil pou wè restorasyon nan Saldeben Roosevelt II yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou asistans li ak akeyi COESA nan Pak Eta Spa. Pwogram sante ak byennèt yo ke yo pral bay vizitè yo ak rezidan yo menm pral yon bèl ogmantasyon nan pak la ak nan Kanpis Roosevelt la".

Majistra Saratoga Springs lan Meg Kelly te deklare, "Achèvman yo nan Saldeben Roosevelt II a reprezante yon lòt lyen nan chèn pwogrè k'ap pase nan Saratoga Springs: k'ap bati ak rebati kontinyèlman san yo pa janm pèdi pwendvi pase oswa eritaj nou. Mwen vle pwolonje remèsiman sensè mwen pou tout moun ki enplike nan pwojè sa a, yon pwojè ki rafine pi plis Pak Eta Spa nou an ki deja eksepsyonèl. Mwen ap tann ak enpasyans pou travay ak nouvo modèl nou yo, COESA, ak sila nou yo ki deja egziste, ak swete tout moun ki enplike nan pwojè sa a pi bon chans alavni".

Elizabeth Sobol, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Saratoga Performing Arts Center, te deklare, "SPAC ancheri lokal li nan Pak Eta Spa a, ki antoure pa nati mèveye ak bijou achitektiral istorik. Wè Roosevelt II kòmanse retounen anvi se vrèman youn nan bagay ki pi entèesan mwen fè eksperyans isit la depi kòmansman m nan SPAC. Nou kontan akeyi nouvo Patnè Pak nou yo, COESA, mam kanpis la epi n'ap tann ak enpasyans tout bèl bagay nouvo pwogram sante a ak byennèt yo pral pote nan pak la".

Konsènan Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Parks, ecreation and Historic Preservation) Eta New York

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)